Jadi menurut Serat Kandha ini yang menjadi bupati di Semarang dengan sebutan Pangeran Pandhanarang itu Raden Made Pandhan, putra Sabrang Wetan, cucu Panembahan Demak. Sedang yang menjadi wali di Tembayat bukannya beliau, melainkan putranya, ialah Adipati Mangkubumi.

Masih ada lagi, sebuah sumber lain mengenai asal-usul Sunan Tembayat ini, ialah Kitab Sejarah Dalem, karya Ki Padmasusastra. Di situ dikatakan bahwa putra Prabu Brawijaya V (raja Majapait terahir) ada seratus satu orang. Dari yang sekian banyaknya itu ada lima yang perlu disebut namanya dalam rangka hubungannya dengan masalah tersebut di atas, ialah:

1. Putra yang ke-94, Raden Jaka Supana, alias Raden Tembayat;
2. Putra ke-97, Raden Jaka Bodho, yang setelah Majapait jatuh menjadi penganut Sunan Bayat, lalu diperintahkan tinggal ke Majasta;
3. Putra ke-98, Raden Jaka Pandhak, juga menjadi penganut Sunan Bayat dan diberi nama Syeh Kaliatu;
4. Putra ke-99, Raden Jaka Wajak alias Raden Jaka Wujil, juga menjadi penganut Sunan Bayat, diberi nama Syeh Sabukjanur (cocokkan dengan yang telah diuraikan di atas);
5. Putra ke-100, Raden Jaka Bluwo, juga menjadi penganut Sunan Bayat, dengan nama Syeh Sekardalima.

Menurut Kitab Sejarah Dalem ini tentunya yang menjadi wali di Tembayat ialah putra Prabu Brawijaya terakhir yang bernama Raden Jaka Supana, alias Raden Tembayat.

* * *

Keterangan mengenai asal-usul Kyai Pandhanarang atau Sunan Bayat ini pada dasarnya ada 3 macam:

1. yang menerangkan bahwa Kyai Pandhanarang itu ialah Prabu Brawijaya V (yang terakhir).
2. yang menguraikan bahwa yang menjadi bupati di Semarang dengan sebutan Pangeran Pandhanarang itu Raden Made Pandhah, putra Raden Sabrang Wetan, cucu sang Panembahan di Demak, dan yang menjadi wali di Tembayat adalah putra Raden Made Pandhan bermama Raden Kaji, ialah yang waktu menjadi bupati bermama Adipati Mangkubumi;
3. yang mengutarakan bahwa putra raja Majapait yang terakhir (Prabu Brawijaya V) ada yang bernama Raden Jaka Supana alias Raden Tembayat.

Dari sekian itu mana yang betul baiklah dijadikan bahan pemikiran dan bahan penelitian lebih lanjut.

Sebagai penutup akan dikemukakan nama atau sebutan keturunan Sunan Bayat, menurut catatan yang masih tersimpan sampai sekarang:

1. Sunan Tembayat berputra Panembahan Jiwa, ialah yang dibawa Nyai Ageng Kaliwungu tatkala mengikuti Kyai Ageng meninggalkan Semarang hingga tiba di Tembayat;
2. Panembahan Jiwa berputra Panembahan Menangkabul;
3. Panembahan Menangkabul berputra Panembahan Masjidwetan I;
4. Panembahan Masjidwetan I berputra Panembahan Masjidwetan II;
5. Panembahan Masjidwetan II berputra Pangeran Sumendhi Anggakusuma dan Pangeran Sumendhi Sidik;
6. Pangeran Sumendhi Sidik berputra Pangeran Tabiyani;
7. Pangeran Tabiyani berputra Pangeran Ngabdani yang menjadi menantu Seri Sultan Hamengku Buwana II di Yogyakarta;
8. Pangeran Ngabdani berputra Raden Ayu Tandhanegara;
9. Raden Ayu Tandhanegara berputra Raden Mas Masjidwetan III,
10. Raden Mas Masjidwetan III berputra Raden Mas Masjid wetan IV;
11. Raden Mas Masjidwetan IV berputra tiga orang, dua pria, satu wanita (ini mungkin masih hidup sekarang).

\KYAI AGENG PANDHANARANG

1. PASARAYEAN ING TEMBAYAT

Ing wewengkonipun dhusun Tembayat, dumunung ing sakidulipun kitha Klaten, udakawis 8 pal, wonten makamipun, ingkang dumuginipun dinten punika taksih dipun dhatengi tiyang saking pundi-pundi prelu ngalap brekah dhateng ingkang sumare ing ngriku.

Miturut cariyosipun ngakathah, makam waupasareyampun wali mukmin ingkang kasebut nama Sunan Tembayat. Nitik kawontenanipun, memper yen dados papan pasareyampun bangsa luhur utawi pepundhen. Dunungipun wonten ing gegumuk sempalanipun pareden Kidul. Saking bakuning dhusun Tembayat kinten-kinten wonten lampahan setengah jam. Ing sukuning gegumuk wau wonten masjidipun sarta inggih wonten pekenipun. Marginipun minggah dhateng makam inggih saking peken wau. Sakawit lampahipun nglangkungi gapura sela, nama gapura Segaramuncar. Gapura wau ing sisih tengen, (sisih kilen) wonten seratanipun, aksarampun sampun wonten ingkang ical. jalaran gempal. Miturut pratplanipun juru kunci, seratanipun wau ungelipun:

Muth sarira ... jieking ratu.

Nitik dunung sarta suraosipun, ungel-ungelan punika mesthinipun kapacak kangge nyangkalani adegipun gapura wau, manawi boten lepat inggih punika ing tahun 1488.

Sasampunipun nglangkungi gapura Segaramuncar, marginipun dhateng makam lajeng minggah, ngantos dumugi ing bangsal ingkang kasebut nama bangsal jawi, inggih menika

bangsal papan pakendelanipun tiyang jaler. Ing sacelakipun bangsal jawi wonten gapuranipun malih, kawastanan Gapura Pangrantungan. Sajawining Gapura pangrantungan wonten



padasanipun kangge nyadhiyani tiyang-tiyang irigkang badhe mlebet dhateng pasareyan. Manawi sampun wisuh, saweg mlebet nglangkungi Gapura Pangrantungan. Ing salebetipun Gapura Pangrantungan wonten palataranipun dipun degi bangsal, kawastanan Bangsal Nglebet, inggih meni-

ka bangsal pagan pakendelanipun Wang estri. Marginipun dhateng pasareyan salajengipun taksih nglngunggapura tiga, inggih menika Gapura Panemut, Gapura Pamencar lan Gapura Balekericur. Saking Gapura Balekencur marginipun anjog ing wewangunan ingkang maujud kadosdene pandhapi, wiyaripun namung sawatawis meter pesagi, inggih menika Prabayeksa (bangsal naga?). Ing ngriku wonten padasanipun, ingkang aneh rupinipun, kawastanan Genthong Kyai Naga.

Saking Prabayeksa wonten undhak-undhakanipun minggah dhateng pager banon ingkang ngubengi pasareyan. Manawi sampaun nglangkungi, gapura ing pager wau sarta nglangkungi konten kalih, saweg dumugi ing makam. Pasareyanipun Sunan Tembayat dumunung ing tengah. Saler-wetanipun wonten pasareyanipun kalih, inggih menika pasareyanipun garwanipun Sunan Tembayat: Nyai Ageng Kaliwungu lan Nyai Ageng Krakitan. Ing sisih kidul wetan wonten pasareyan sanesipun. Miturut gote, pasareyanipun Nyai Ageng Madalem, Pangeran Jiwa tuwin Para sakabat: Kyai Syeh Sabuk Janur, Kali Dhatuk, Pangeran Winang, Kyai Malanggati, Kyai Banyubiru, Panembahan Kabul, Kyai Panembahan Masjid Wetan lan Kyai Panembahan Sumigit Wetan.

Sadaya kawontenan ingkang pinanggih utawi katingal ing salebetung wewengkon sarta ing sakiwa-tengenipun makam, ingkang awujud yeyasan tuwin pepasren, salajengipun wontening pangreksa dhateng yeyasan lan malih kathahing tiyang ingkang sami mrellokaken dhateng prelu ngalap brekah, lumintu ngantos dumugi ing dinten menika, menika sadaya ambuktekaken bilih tumraping ngakathah ingkang sumare ing ngriku punika dipun anggep leluhur ingkang linangkung cundhuk kaliyan wontening gote, ingkang nyariyosaken asli lelampahanipun Sunan Bayat.

II. KYAI AGENG PANDHANARANG TILAR KAMUKTEN

Miturut gotek ingkang sumebar, lalampahanipun. Sunan Bayat punika kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

Saderengipun dedunung wonten ing Tembayat ngantos madeg wali mukmin, Sunan Bayat menika dados bupati ing Semarang, jejuluk Kyai Ageng Pandhanarang. Nalika taksih wonten ing Semarang Kyai Ageng Pandhanarang kacariyos nengenaken sanget dhateng kadonyan, tansah ngudi indhaking donya-brananipun. Anggenipun ngupados indhaking bandha dipun rencangi rekaos. Mila inggih kelampahan dados sugih anderbal. Ewa samanten meksa boten kendhat-kendhat anggenipun nyambut damel nglempakaken bandha.

Kacariyos ing Demak Para wali sami kempalan wonten ing mesjid. Ing ngriku sami nggubel dhateng Sunan Kalijaga, kapuruh ngadegaken wali satunggal malih, supados cacahipun jangkep dados sanga. Sunan Kalijaga mratelakaken, yen sampun angsal dhedhekan namung kantun ngentosi wancinipun kemawon. Anggenipun mratelakaken makaten wau jalaran Sunan Kalijaga sampun priksa, yen Kyai Ageng Pandhanarang punika ing tembe badhe dados tiyang mukmin, saged dados wali panutup anggentosi Syeh Siti Jenar, namung dereng kabuka kemawon, taksih kalimput dhateng kadonyan. Mila saking karsanipun Sunan Kali, Kyai Ageng Pandhanarang badhe kacobi dipun sukani prelambang supados kagigah manahipun, puruna mretobat lan ngrasuka agami Islam.

Bibar kempalan, Sunan Kalijaga lajeng mendha-mendha tiyang alit, ngrembat kambengan kasade dhateng Ki Ageng

Pandhanarang. Dipun taweni kambengan Kyai Ageng Pandhanarang ugi purun numbas, nanging namung mirah-mirahan, inggih menika suku teng (46 sen). Kambengan dipun sukakaken. Sareng tiyang Bade kambengan kesah, sarta kambengan kadhudhah, Kyai Ageng Pandhanarang kaget lan gumum sanget, jalaran sumerep ing salebetting kambengan wonten kandelanipun jene. Kandelan inggih lajeng kapendhet. Babar pisan boten ngretos yen wonteninun kandelan ing kambengan punika pancen kasengaja minangka pasemon. Pikajenganipun pasemon makaten: mbok inggih ingkang pitados (saking andel) kemawon dhateng kula.

Sawatawis dinten malih Kyai Ageng Pandhanarang nyuruhi bupati pasisir ler, dipun pameri griyanipun ingkang mentas dados sarta kapurih madosi punapa cacadipun.

Nalika samanten, Sunan Kalijaga ugi mrelokaken rawuh, nanging rawuhipun namur kula. Dumugi ing pasamuan, Kyai Ageng Pandhanarang pandung, kininten bangsanipun tiyang alit kemawon ingkang dhateng saking kajengipun piyambak badhe narambul tumut nedha eca, mila inggih boten dipun panggih utawi dipun acarani lenggah kados tamu sanesipun. Sunan Kali tumunten medal saking pandhapi sarta lajeng nyipta agem-ageman ingkang sarwa endah. Bibar mengangge lajeng mlebet malih ing pandhapi. Tiyangipun Kyai Ageng Pandhanarang sumerep tamu mangagem sarwa sae, enggal lapur dhateng bendaranipun. Kyai Ageng Pandhanarang, gitagita methukaken, tamu kaaturan mlebet sarta lajeng sinubaya-subya.

Wonten ing pasamuan ingkang dados rembag iriggih bab kawontenaning griya kabupaten, dipun padosi punapa cacadipun. Sunan Kalijaga ugi urun pangandika, mratelakaken

bilih yeyasan enggal wau sae, namung kemawon saening yeyasan wau dados jalaranipun tindak ingkang kirang prayogi (nyemoni Kyai Ageng Pandhanarang anggenipun boten purun manggihi tamu ingkang namur kula mangangge sarwa awon). Nanging Kyai Ageng Pandhanarang boten ngertos dhateng suraosipun tetembungan wau. Sunan Kalijaga lajeng ngandika malih, meca yen Kyai Ageng Pan-dhanarang boten badhe langgeng manggen wonten ing yeyasan ingkang sarwa bregas wau. Sesampunipun makaten Sunan Kalijaga ngrucat agem-agemanipun ingkang sarwa endah, ngagem agem-ageman awon malih, nunten medal kesah saking pasamuan ngriku. Kyai Ageng Pandhanarang dereng saged njajagi suraosing pasemon-pasemon wau.

Sunan Kalijaga cuwa ing galih, ewa samanten inggih boten kern-ba anggenipun badhe ngenegetaken dhateng Kyai Ageng Pandhanarang. Sanes dinten Sunan Kalijaga tindak namur kula malih, ngagem-agem kados dene tiyang pepriinan, nujujug ing kabupaten. Kala samanten kaleresan Kyai Ageng Pandhanarang saweg ngetang arta wonten ing pandhapi, linggihipun majeng ngaler. Sang namur lampah nyelak saking ler. Dipun uncali benggolan satunggal. Kyai Ageng Pandhanarang lajeng minger, linggih majeng mangetan. Ingkang mendha-mendha apepriman malih, dhateng saking wetan. Dipun sukan iki sen. Bibar nyukani, kyai minger majeng ngidul, nanging ugi sumerep malih dhateng ingkang pepriman. Dipun uncali kalih tengah sen. Lenggahipun kyai minger majeng mangilen. Sareng majeng mangilen meksa taksih dipun emisi, lajeng namung nguncali sesen kaliyan ngedalaken tetembungan ingkang nandhakaken muringing manahipun.

Ingkang mendha-mendha mangsuli, mratelakaken yen anggenipun pepriman menikaboten nedha kadonyan, jalaran dhateng kadonyan babar 'man boten betah. Dene betahipun inggih menika suwantening bedhug ing Semarang. Kyai Ageng Pandhanarang mangsuli bengis, mratelakaken boten badhe nuruti panedha ingkang kados makaten wau. Ingkang mendha-mendha lampah gentos mangsuli: "Sampun makaten Kyai. Wonten ing donya kyai boten badhe lami. Ing tembe mesthi mantuk dhateng jaman kalanggengan. Manawi sanget-sanget nengenaken dhateng kadonyan, kirang prayogi, nama mangeran dhateng kadonyan: kadonyanipun dados brahala. Wusana donya-brana wau badhe nebihaken karahayon lan kasuwargan. Manawi kula babar Pisan boten kepengin sugih, boten kepengin gadhah raja-brava kathah. Awit bandha kathah punika kajawi ngapinteni lan ametetigi panggayuh ingkang utami, benjingipun inggih boten badhe tumut dhateng suwarga. Dados prasasat boten wonten paedahipun. Utawi malih sanajan kabektaa dhateng stwarga inggih boten wonten prelunipun. Amargi ing suwarga boten kirang barang ingkang endah-endah, samukawis ingkang kacipta wonten. Bebasan tiyang macul sageclokan saged pikantuk jene saprongkol."

Kyai Ageng Pandhanarang mencep. Wicanten: "Omongmu anggedebus, kaya wis weruh-weruha ing suwarga. Endi Ana wong macul bisa oleh mac prongkolan."

Sunan Kalijaga sumambung: "Yen kyai pancen remen dhateng kadonyan, sakedhap kemawon kula saged ngawontenaken."

Ing ngriku Sunan Kalijaga lajeng nyandhak pacul kapaculaken ing siti tigang gaclokan, angsal-angsalanipun kauncalaken dhateng pandhapi dhawah ing sangajengipun Kyai Ageng Pandhanarang. Kyai Ageng Pandhanarang lenger-

lenger, mlongo saking sangeting gumunipun jalaran ingkang kauncalaken ing pandhapi ngangge pacul wau sanes siti, nanging jene tigang prongkol. Sakala ngriku lajeng ngretos yen ingkang rupinipun kados tiyang pepriman ptinika sajatosipun bangsa linangkung, lan ngretos kajengipun anggenipun wongsal-wangsul dipun cobi sarta dipun pralambangi. Kajawi punika Kyai Ageng Pandhanarang ugi lajeng katarik manahipun badhe nggaguru.

Sunan Kalijaga priksasemunipun Kyai Ageng Pandhanarang, bingah panggalihipun. Jene tigang prongkol kawangsulaken ing siti, wangsul dados siti malih. Dene Kyai Ageng Pandhanarang lajeng mendhak-mendhak, ngacaranilenggah. Sareng sampun lenggah, Kyai Ageng Pandhanarang matur: "Kyai, samenika kula saweg rumaos yen ageng sanget kalepatan kula dhateng panjenengan, jalaran saklangkung anggen kula ngina lan ngremehaken dhateng panjenengan. Ingkang makaten wau boten sanes kajawi jalaran saking anggen kula kalimput dhateng bandha, ngantos boten ngretos dhateng panyobi lan pralambang panjenengan. Mila panyuwun kula panjenengan karsaa paring pangaksama. Samangke kula pasrah jiwa-raga, badhe ndherek sakarsa panjenengan, sanajan manggih sakit agengipun ngantos dumugi ing pejahan, inggih badhe kula lemah. Namung kemawon kaparenga kula nyuwun dipun wejang samenika ugi, mumpung taksih wilujeng. Manawi ngentosi benjing-benjing kuwatos manawi kaselak pejahan."

Sunan Kalijaga mireng atur makaten wau, mesem, lajeng ngandika: "Yen kowe temen-temen arep nggaguru marang aku, ya bakal dakturuti. Mung bae aku njaiuk pratandha kasetyanmu dhisik. Mungguh sing dadi panjalukku mau ana patang prakara. Kang sapisan wiwit dina iki kowe kudu ngibadah, sarta maneh kudu ngedegake iman, nganakake bedhug lan langgar-langgar

apadene ngingu santri kanggo ngeslamake wong Semarang. Kaping pindhone kowe kudu jakat sam urwate. Awit iku wis dadi wajibe umat Islam. Kaping telune wajibe wong arep nggeguru iku, kudu ninggal omahe, nuntumake badhiyan ing omahe gurune. Mula yen anggonmu arep nggeguru mantep temenan, kowe kudu nusul marang pagan padununganku ing Jabalkat."

Kyai Ageng Pandhanarang matur: "Jabalkat punika ing pundi dunungipun lan panjenengan menika sinten?"

Sunan Kali mangsuli: "Jabalkat iku prenahe ing tanah Tembayat. Dene yen kowe arep weruh jenengku, aku iki Syeh Malaya. Wis kariya slamet. Poma estokna wekasku!"

Bihar ngandika makaten Sunan Kalijaga tindak, sakedhap sampun ical boten katingal. Kyai Ageng Pandhanarang kantun amlenggong lan gegetun ing manah, boten nginten yen kadhatengan wali ageng. Saking adrenging manah, enggal-enggal badhe nusul dhateng Jabalkat ingkang kapratelaken wonten ing tanah Tembayat. Nanging ing saderengipun kange tandhaning setya, inggih badhe ngleksanani sadaya piwelingipun calon gununipun.

III. WONTEN ING MARGI

Kyai Ageng Pandhanarang lajeng lumebet ing griya prelu rembagan kaliyan krabatipun. Semahipun sakawan, sadaya sugih-sugih lan anaking tumenggung. Anak-putunipun ugi dipun klempakaken. Menika sami dipun cariyosi anggenipun badhe maguru anggegulang ngelmu. Sedyanipun badhe kesah piyambak. Semahipun sakawan pisan kapurih kantun, momong anak-putu. Dene wontening raja-brana tuwin barang sanes-sanesipun dipun bage-bagea waradin dhateng anak-semah tuwin putu, lan ingkang sabagean kajakatna para miskin tuwin santri ingkang boten gadhah minangka pamituhunipun dhateng piwelingipun calon guru. Sasampunipun menika lajeng mranata tuwin pasrah dhateng para sepuh utawi tiyang ingkang pinitados kapurih ngreksa tata-tentrem lan karaharjaning nagari. Sadaya waradin dipun welingi piyambak-piyambak sarta dipun pamiti. Ingkarig sami dipun pamiti sami anggendholi, nanging wusananiipun sadaya inggih namung jumurung, lajeng sami andum wilujeng. Namung semahipun Kyai Ageng Pandhanarang ingkaq sepuh, inggih menika Nyai Ageng Kaliwungu, ingkang nggubel boten purunantun, meksa badhe tumut lampahipun ingkang jaler, jalaran ngantepi anggenipun sampun nunggil kajeng kaliyan guru-lakinipun. Dipun arih-arih supados kantun, meksa boten kenging, malah lajeng prasetya dhateng Kyai Ageng Pandhanarang, tembungipun: "Kyai, pareng boten pareng kula ndherek. Sanajan ajur luluh, ing donya dumugining delahan, sedya kula namung sageda nunggil kaliyan kyai. Dumugi suwarga utawi naraka kula sampun ngantos pisah kaliyan kyai, lestantuna anggen kula ngladosi kyai."



PENERJEMAH DAN PENERBIT PUSTAKA ADITYA



BALAI PUSTAKA

Kyai Ageng dipun prasetyani makaten wau kakenan manahipun, lajeng mangsuli: "Iya ta, Nyai, yen temen-temen anggonmu arep ngetutake lakuku, ya daklilani, lestaria dadi kanthiku. Mung bae wekasku, yen kowe arep melu, poma aja anggawa rajabrama, awit iku wis dadi wewelinging guru. Kadonyan iku yen ditengenake ambebayan, dadi brahala ametengi dalan sing nuju menyang karahayon lan kasuwargan. Lan maneh kowe kudu salin anggon-anggon, nganggoa sandhangan sarwa putih."

Nyai Ageng nyagahi lajeng santun pangangge, miturut pakenipun ingkang jaler. Dene Kyai Ageng piyambak ugi mangangge sarwa pethak kalung keskul lan tekenan ecis. Sareng sampaun mirantos, ingkang badhe kesah pamitan malih dhateng ingkang badhe katilar. Kajawi punika Kyai Ageng boten kasupen weling malih kathah-kathah, supados ingkang sami kantun rukuna anggenipun sami sadherekan tuwin gesang sesarengan.

Sacekapipun anggenipun pamitan, Kyai Ageng lan Nyai Ageng lajeng mangkat. Kyai Ageng lampahipun wonten ing ngajeng, Nyai Ageng ngetutaken woten ing wingking kaliyan anggendorong anak, inggih punika anak ingkang pawingkingipun kasebut Pangeran Jiwa. Kajawi anggendorong anak; Nyai Ageng ugi tekenan wuluh gadhing, ingkang dipun iseni sesotya lan dinar ngantos kebak. Saking kajengipun kangege anjagi kawilujengan sadangunipun andon lampah, awit tiyang kakesahan punika kathah kabetahanipun. Pembektanipun dipun atos-atos sampaun ngantos kasumerepan ing sanes, menapa malih ingkang jaler Hanging sadaya wau Kyai Ageng Pandhanarang sampaun mangertos. Namung mendel kemawon ethok-ethok boten sumerep.

Kacariyos Kyai Ageng lan Nyai Ageng sampun tebih lampahipun, sampun mengkeraken laladan Semarang, lajeng ngancik wana trataban tebih padhusunan. Ing ngriku Kyai Ageng ingkang lumampah ing ngajeng kapethuk tiyang kalih, bangsaning begat ingkang ngadhang wonten ing margi. Begal ingkang satunggal ngendhег lampahipun Kyai Ageng kaliyan wicanten: "E, Paman, mandhег dhisik, aka njaluk oleh-olehmu."

Kyai Ageng kendel mangsuli: "Aka dhewe ora anggawa apa-apa sing pangaji. Dene yen kowe padha butuh bandha, kae lo, ing buri, bojoku anggawa teken wuluh gadhing isi mas-inten. Iku rebutan, isine cukup kok enggo seneng-seneng salawasmu urip. Nanging ya mung ngrebuta tekene bae, bojoku lan anakku aja kok kapak-kapakake."

Bibir mangsuli makaten, Kyai Ageng nglajengaken lampahipun. Begal kalih kantun wonten ing tengah margi, ngentosi Nyai Ageng. Sareng Nyai Ageng dumugi ing panggenaning begal, begal agahan ngrebat teken wuluh gadhing. Teken tumunten kasigar dados kalih. Saestu pinanggih isi sesotya tuwin dinar kathah. Mila begal kalih inggih sami cikrak-cikrak saking bingahipun. Nanging lajeng sami ambatos makaten: tekene bae isine samene kehe, apa maneh sandhangane utawa kandhutane, mesthine luwih saka iku."

Begal kalih lajeng sami nyelaki Nyai Ageng, badhe dipun blejedi. Nanging saweg badhe nyepeng, dumadakan saking karsanipun ingkang Maha Kuwaos lajeng kraos lemes, ical kekiyataniipun, dhawah nglempuruk wonten ing siti.

Nalika badhe dipun cepeng begal wau Nyai Ageng kaget lan kumesar manahipun, lajeng sambat-sambat dhateng ingkang jaler: "Kebangeten, Kyai, ana wong salah teka tega!" Inggih menika ingkang dados mula bukanipun panggenan

ngriku kasebut nama Salatiga, mendhet saking tetembungan "salah" lan "tega" ¹⁾

Sareng kaliyan sesambatipun Nyai Ageng wau, anak ingkang wonten ing gedhongan nangis. Sambat tuwin tangis wau kapireng denim Kyai Ageng. Kyai Ageng noleh lajeng wicanten: "Mau mula aku wis kandha, kowe mung daklilani ngrebut tekene bae, ora kena ganggu gawe wonge. Lah saiki, ya banjur mengkono iku jalukanmu, rupamu banjur kaya wedhus."

Sakala ngriku saking mandining ujaripun Kyai Ageng, begal ingkang satunggal lajeng malih rupi, rainipun dados rai menda. Dene begal ingkang satunggalipun klesedan boten saged menyat, dipun lokaken Kyai Ageng kados sawer, wusana rainipun ugi malih dados rai sawer. Begal kalih lajeng sami nedha ngapunten lan pasrah pejah-gesang dhateng Kyai Ageng. Dene Kyai Ageng piyambak panggalihipun ugi gegetun, dene ujaripun teka katemahan. Begal kalih lajeng kapurih narimah sarta kapurih pitados dhateng Pangeran, mbokmanawi ing tembe saged pikantuk pangapunten. Salajengipun lajeng sami dados sakabatipun Kyai Ageng, kanamakaken Syeh Domba lan Syeh Kewel.

Kyai Ageng nglajengaken lampahipun kaliyan ingkang estri, Syeh Domba lan Syeh Kewel boten kantun. Sareng dumugi panggenan ingkang samenika nama Bayalali, Nyai Ageng kantun malih. Mangka lampahipun rekaos. Kabekta manah Jinja, ngantos kawedal pasambatipun makaten: "Kyai, baya wis tali, teka ninggal bae." Inggih menika mula-bukanipun panggenan ngriku lajeng kawastanan Bayalali.

IV. WONTEN ING WEDHI

Dangu-dangu lampahipun Kyai Ageng dumugi ing dhusun ingkang dumunung ing satengah-tengahing margisaantawisipun Klaten lan Tembayat. Wonten ing ngriku kendel. Kyai Ageng lajeng ngawula, dhateng tiyang estri ingkang padamelanipun sade sekul, nama mbok Tasik. Dene Syeh Domba lan Syeh Kewel kapurih nglajengaken lampah mretapa wonten ing redi. Sadangunipun ngawula mbok Tasik wau Kyai Ageng ngrangkep dados mrebot mesjid dhusun ngriku lan santun nama Gus Slamet.

Kacariyos mbok Tasik sareng dipun tumuti Gus Slamet, anggenipun pados panggesangan gangsar, sadeyanipun kathah pepa-jenganipun lan inggih kathah bathinipun, beda kaliyan nalika dereng dipun tumuti Gus Slamet.

Jalaran saking anggenipun ngladosi mbok Tasik ngrangkep dados mrebot ing mesjid wau, Gus Slamet kathah padamelanipun. Kala-kala sok kether boten saged nyekapi sadayanipun. Nuju satunggaling dinten Gus Slamet wonten ing griyanipun mbok Tasik dipun pasrahi padamelan langkung tinimbang lan adat saben. Wusana padamelaning mesjid kether. Nalika tiyang-tiyang dhateng badhe sembahyang, padasanipuri taksih kothong, jalaran dereng dipun iseni dening mrebotipun. Wasana lajeng sami muring-muring. Ingkang dipun wring-wring boten sanes inggih Gus Slamet.

Gus Slamet enggal-enggal tumandang. Saking kasesanipun ngangsu pancenipun ngangge timba klenetu ngangge kranjang. Nanging saking karsanipun Ingkang Maha Kuwaos, kranjang wau dipun iseni toya boten kecer. Mila sakedhap kemawon

pada-sanipun kebek menceb-menceb. Wiwit dinten punika Gus Slamet dipun ajrihi dhateng para puggawa mesjid.

Sanes dinten malih mbok Tasik badhe adang sampun katelasan uwos, mangka kala semanten sampun jam sakawan enjing. Gus Slamet lajeng dipunkan adhang-adhang wonten ing margi, mbokmanawi wonten tiyang sade wos langkung.

Boten watawis dangu saestu wonten tiyang jaler langkung nyunggi bagor isi wos badhe dhateng peken. Gus Slamet taken: "Kang, sampeyan mbekta napa niku? Nek mbekta wos mang kendel, kula tumbase."

Ingkang nyunggi wos boten purun kendel, kirang terang ajrih manawi dipun damel awon dhateng ingkang ngendhegaken, kirang terang pancen gadhah niyat wosipun badhe kasade wonten ing peken kemawon supados langkung kathpepajenganipun. Wusana lajeng mangsuli makaten: "Kula boten mbekta wos, sing kula sunggii niki wedhi."

Anggenipun mangsuli makaten wau kaliyan anglajengaken lampah. Sareng dumugi ing peken, wos kasuntak, piyambakipun anjumbul, jalaran bagoripun boten isi wos, nanging isi wedhi. Wiwit menika dhusun ngriku lajeng kanamakaken Wedhi, lestantun dumugi sapriki.

Wonten kaelokan malih, satunggaling dinten mbok Tasik badhe adang, nanging katelasan kajeng. Gus Slamet dipun srengeni, tembungipun: "E lah sembrana kowe ki, wong weruh ora ana kayu kok lenguk-lenguk bae. Apa mengko yen adang sing dienggo kayu cokormu!"

Dipunsrengeni makaten wau Gus Slamet mendel kemawon, kapeksa narimah, mupus jalaran ngrumaosi anggenipun saweg cinobi, kedah sagedmekak manahipun piyambak. Sareng mbok Tasik mengker, saking lega-rilaning manahipun, Gus Slamet

sumlonong, tanganipun kalih pisan dipun lebetaken dhateng pawon, wusana kumretek murub kados kajeng dang. Mbok Tasik mireng suwantening latu, lajeng nginjen saking senthongipun, wusana lajeng sumerep yen ingkang murub wonten ing pawon menika sanes kajeng dang, nanging tanganipun Gus Slamet. Sakala ngriku lajeng kados dipun osikaken, ngretos yen Gus Slamet punika sanes tiyang sembarang. Wiwit punika mbok Tasik lajeng santupanganggep, ajrih dhateng Gus Slamet. Kajawi menika ugi keduwung, anggenipun sok srengen utawi nyawiyah dhateng Gus Slamet. Lajeng nedha pangapunten.

Boten watawis dangu jalaran saking tundha-tumundhaning cecriyosan, tiyang sakubenging dhusun Wedhi samingretos Gus Slamet sok medal kramatipun. Awit saking punika Gus Slamet lajeng boten kraos manggen wonten ing dhusun Wedhi. Kajawi menika kala samanten inggih sampun andungkap wancinipun Kyai Ageng badhe tampiwahyuwidayat. Mila lajeng kesah saking ngriku, anak-semahipun dipun jak. Makaten ugi sakabatipun Syeh Domba Ian Syeh Kewel ingkang sami mretapa inggih sami dipun ampiri. Dene sedyaning lampah badhe dhateng Jabalkat.

V. WONTEN ING TEMBAYAT NGANTOS JUMENENG WALI

Kacariyos sareng lampahipun dumugi ing redi Kucur, anakipun Kyai Ageng nangis, jalaran sampun dangu boten ngombe. Anggenipun nangis kaliyan tanganipun nggrauti siti. Kyai Ageng alok: "Dene kowe teka nangis, kuwi tanganmu rak ngeruki banyu."

Saking kramatipun Kyai Ageng, sakala ngriku lajeng wonten toya medal saking siti, sarta salajengipun panggenan ngriku wonten tukipun.

Saking redi Kucur lampahipun Kyai Ageng Pandhanarang lajeng dumugi ing Jabalkat.²⁾ Ing ngriku Kyai Ageng lajeng yasa griya lan mesjid sacekapipun sarta boten dangu papan wau lajeng kadhatengan tiyang saking pundi-pundi panggenan, wonten ingkang celak wonten ingkang tebih, saking Semarang lan saking tanah wetan ingkang waunipun dados rerehanipun Kraton Majapait. Dene dhatengipun tiyang-tiyang wau boten Banes namung badhe maguru dhateng Kyai Ageng. Mila muridipun Kyai Ageng saya dangu inggih saya kathah. Kajawi menika Kyai Ageng ugi kalampahan saged ngeslamaken para ajar ing sakiwatenipun laladan ngriku ingkang taksih sami angluhuraken agami lami.

Wonten ingkang cariyos, bilih Kyai Ageng anggenipun saged ngeslamaken para ajar ing ngriku punika jalaran saking anggenipun emah-emah malih pikantuk pawestri saking tanah ngriku ingkang nama Nyi Endhang. Nyi Endhang punika waunipun tansah dados rebatanipun para ajar. Saking boten betahipun lajeng pados pengungsen dhateng papan padununganipun Kyai Ageng, wusana lajeng kapendhet semah dhateng Kyai Ageng

piyambak. Salajengipun Nyi Endhang wau misuwur nama Nyi Ageng Krakitan. Sareng sampun mendhet semah Nyi Ageng Krakitan, Kyai Ageng Iajeng saged ngeslamaken para ajar, kadosta Ajar Menak Bawa, Bandar Alim, Ki Malanggati lan sanes-sanesipun. Nanging nalika menika ugi taksih wonten ajar ingkang wangkot, boten purun ngrasuk: agami enggal. Tekadipun, boten purun ngrasuk agami enggal manawi dereng sumerep buktinipun bilih agami enggal wau langkung unggul tinimbang agami lami.

Ajar wau wonten ingkang nama Prawirasakti, dedunung wonten ing redi Gambar (dumunung wonten ing sakidul-wetanipun Tembayat). Kyai Ageng Pandhanarang wongsal-wangsul kengkenan muridipun dhateng redi Gamilar prelu ngislamaken Ajar Prawirasakti. Nanging kengkenanipun boten wonten ingkang saged angsal darnel. Malah satunggal kemawon boten wonten ingkang saged nginggahi redi Gambar. Awit saben badhe minggah, Iajeng wonten Jesus dhateng dadakan nempuh dhateng kengkenanipun Kyai Ageng, wusana kengkenan wau kontal dumugi ing ngajengipun Kyai Ageng malih. Wondene Jesus wau miturut gotek inggih saking pandamelipun Ajar Prawirasakti.

Kyai Ageng bentermanahipun, Ajar Prawirasakti badhe dipun dhatengi piyambak. Kalampahan Kyai Ageng mangkat dhateng redi Gambar. Nalika badhe minggah, Ajar Prawirasakti Iajeng angglundhungaken sela ageng-ageng saking nginggil. Nanging sela wau saben badhe ngglundhungi Kyai Ageng, katampen ngangge gamparanipun Iajeng sami kendel. Makaten wau boten kendel-kendel ngantos dumugi nginggil. Wusana kendeling sela kados dipun tata, saking ngandhap manginggil. Ngantos sapriki sela wau taksih wonten, kanamakaken sela andha.

Sareng sampun dumugi nginggil, Kyai Ageng Pandhanarang Iajeng kapanggih kaliyan Ajar Prawirasakti. Ajar Prawirasakti kapurih ngrasuk agami Islam, wangulanipun songol ngungkak

krama makatan: "Gelem aku ngidhep marang agama anyar, yen kowe bisa ngaYahake kabisanku."

Kyai ageng sumambung: "Lah, kabisanmu apa?"

"Delengan iki, aku duwe dara. Yen iki dakculake mangka kowe bisa nututi, aku gelem nungkul marang kowe."

"Iya mara culna daramu, mengko daktututane."

Ajar Prawirasakti lajeng ngeculaken daranipun, ingkang lajeng mabur muluk, boten katingal. Kyai Ageng sumerep keplasingiberipun dara babas, pisan boten ngedhap utawi gumun. Enggal nyandhak gamparanipun kauncalaken kapurih nututi peksi dara. Boten dangu peksi dara lan gamparan mandhap, peksinipun sampun pejah. Ajar Prawirasakti gumun, nanging dereng purun nungkul. Lajeng nantang malih: "Saiki genti, kethuku, iki, dak uncalne mandhuwur tututana."

Kyai Ageng nyagahi. Kethu kauncalaken, inggih lajeng boten katingal, Nunten Kyai Ageng nyandhak gamparan satunggalipun, kauncalaken kapurih nututi kethu. Sakedhap kethu lan gamparan dhawah mangandhap, kethu katumpangan gamparan.

Ajar Prawirasakti meksa dereng purun nungkul. Taksih nantang malih, tembungipun: "Aku meksa durung gelem nungkul. Coba saiki aku dak umpetan, golekana."

Kyai Ageng nyagahi malih. Sakala ngriku Ajar Prawirasakti lajeng ngical, ndhelik wonten ing sangandhaping sela ageng. Saking pangintenipun; Kyai Ageng mesthi boten saged madosi. Nanging mak grewal, sela ingkang kangge aling-aling kabrongkal, wusana Ajar Prawirasakti lajeng katingal malih. Panggenan ingkang kangge umpetan wau lajeng growong, dumugi sapriki taksih katingal kados guwa.

Ajar Prawirasakti taksih nantang malih, tembungipun: "Mara saiki genti kowe sing umpetan, aku sing nggoleki."

Kyai Ageng mangsuli: "Iya, dakturuti sakarepmu. Wis ping telu kowe kalah ngadu kapinteran. Meksa durung trima kalah. Genepe ping pat yen kowe ora gelem nungkul, aja takon dosa, mesti daksirnakake kowe. Mara saiki aku genti dak ndhelik golekana."

Sakala ngriku Kyai Ageng Iajeng angical, boten kantenan dhateng pundi purugipun. Ajar Prawirasakti madosi, dangu boten kapanggih. Wusana Iajeng trimah kawon, mungkul, sagah ngrasuk agami Islam.

Kyai Ageng Iajeng mencungul kaliyan melehaken: "Ora sembada umukmu. Dene aku ndhelik cedhak-cedhakan bae orang bisa anggoleki. Kowe ora weruh lan ora krasa yen aku umpetan ana ing antarane alismu."

Salajengipun rembagipun Kyai Ageng Pandhanarang lan Ajar Prawirasakti boten kacariyosaken, cekakipun Ajar Prawirasakti rumaos boten saged nyameni utawi ngawonaken Kyai Ageng Pandhanarang, Iajeng nungkul mlebet agami Islam.

Bihar ngeculaken Ajar Prawirasakti, Kyai Ageng Pandhanarang Iajeng gentos nelukaken ajar sanes-sanesipun ingkang ugi mbangkang boten badhe purun ngidhep agami Islam, inggih menika ajar ingkang nama Kyai Ageng Majasta, dedunung wonten ing dhusun Majasta ing saler-wetanipun dhusun Tembayat.

Saderengipun kaislamaken Kyai Ageng Majasta misuwur brangasanipun tuwin kendel. Samangsa wonten ingkang purun ngrisak tegil utawi sabinipun, kewan utawi manungsa mesti dipun pejahi.

Anuju satunggaling dinten Kyai Ageng Majasta wau saweg ngaso mentas ndandosi galengampun, dipun inggilaken lan dipun damel waradin. Dumadakan Iajeng sumerep wonten tiyang langkung ing galengan ingkang mentas dipun dandosi

wau. Menggah ingkang langkung ing galengan wau boten sanes kajawi Kyai Ageng Padhanarang, badhe dhateng ing dhusun Majasta prelu badhe ngeslamaken Kyai Ageng Majasta.

Sumerep galenganipun dipun langkungi tiyang, Kyai Ageng Majasta sakala muntab napsunipun. Lajeng nyelaki kaliyan ambekta tumbak. Sareng tumbakipun badhe dipun tamakaken, Kyai Ageng Pandhanarang menggak, wicanten sareh: "Mengko ta dhisik, sing sabar. Aja grusa-grusu arep gawe tiwase uwong. Apa salahku dene arep koktumbak?"

Kyai Ageng Majasta kendel kaliyan mangsuli: "Andadak nganggo takon salahe barang! Apa kowe ora rumangsa jag-jagan ngidak-idak galenganku sing mentas dakdandani iki!"

Kyai Ageng Pandhanarang gentos mangsuli: "Mengkono ta. Ning coba deloken dhisik sing cetha. Jen nyata galenganku ana sing rusak, jalaran saka dakliwati, aku gelem koktumbak."

Kyai Ageng Majasta lajeng ningali galengan ingkang mentas dipun langkungi Kyai Ageng Pandhanarang. Sanget gumunipun dene galengan wau taksih wetah, boten wonten ingkang risak sakedhik-kedhika, dalasan tilas tapaking suku kemawon ugi boten katingal. Wusana Kyai Ageng Majasta lajeng ajirih dhateng Kyai Ageng Pandhanarang sarta purun nungkul dipun islamaken.

Ing salajengipun cacahipun tiyang ingkang sami dhateng ing Jabalkat nedha dipun islamaken saga mindhak kathah.

Kyai Ageng Pandhanarang sampun sampurna anggenipun ngudi dhateng agami wau. Ngleresi dinten Jumuuh Kiiwon, tanggal kaping 27 wulan Ruwah, Kyai Ageng Pandhanarang pkantuk. nugrahanipun Pangeran nampi wahyu widayat, madeg dados wali. Wiwit kala punika Kyai Ageng Pandhaharang lajeng kasebut nama Sunan Bayat.

VI. SASAMPUNIPUN JUMENENG WALI NGANTOS SEDA

Wancinipun surya sampun badhe serap, Sunan Bayat mlebet mesjid lajeng adan ngajengaken salat magrib. Kacariyos nalika adan wau suwaranipun kapireng Sunan Demak. Sunan Demak alok makaten: "Wong lagi bae anggone dadi wali, teka wis umuk Sunan Bayat iki. Anggone yasa mesjid methangkrong ana ing gunung anggone adan diserokake. Lampune mencorong amblerengi. Iku kabeh kudu enggal dimareni."

Sunan Bayat mireng dipun lokaken makaten wau, ngrumaosi kalepatanipun. Lajeng prentah dhateng sakabatipun sakawan ingkang pinitados, inggih punika: Kyai Cagakdhoka, Kyai Dakawana³), Syeh Domba lan Kyai Kewel, kapurih ngedhakaken mesjid. Sakabat sakawan ngestokaken, mesjid kaedhakaken sarana kasered, sakedhap dumugi ngandhap, boten wonten ingkang risak utawi menceng. Semangke mesjid wau taksih ngadeg wonten ing dhusun Tembayat kasebut, nama Mesjid Gola. Anehipun, mesjid wau kenging kange sembahyang jumuwahan cekap namung tiyang sakawan, mangka yen mesjid sanes-sanesipun manawi sembahyang jumuwahan sakedhik-sakedhikipun kedah wonten tiyang kawandasa. Ingkang makaten punika boten sanes kajawi namung naluri leluhur ing Tembayat. Jamanipun Sunan Tembayat salat jumuwahan wonten ing mesjid Gola menika namung kaliyan sakabat sakawan.

* * *

Nglajengaken cariyosipun Sunan Bayat. Gesangipun kaliyan para sakabat lan murid-muridipun wonten ing Tembayat tentrem, tebih saking panggenan ingkang kala samanten tansah memengsahan rebat penguwaos lan sanes-sanesipun. Kacariyos ing satunggaling dinten Sunan Kalijaga mrelokaken tuwi dhateng Tembayat.

Kaleresan kala samanten Syeh Domba lan Kyai Kewel saweg sami nyambutdamel, ngiseni padasan, nanging sami kasupen nyumpeli _cucuking padasan, mila toyanipun telastelas kemawon, mangka pamendhetipun toya radi tebih, boten wonten ing sacelakipun padasan. Ingkang makaten wau Sunan Kalijaga uninga. Ingkang sami ngangsu lajeng dipun aruh-aruhi, kadhwuhan nyumpeli padasan. Sareng sampun dipun sumpeli, padahasanipun sakedhap kemawon inggih lajeng kebak, malah ngantos luber. jalaran saking menika ngantos dumugi sapriki manawi nuju mangsa katiga, dangu boten jawah, padasan wau dipun iseni ngantos luber. Saking kapitadosanipun tiyang-tiyang ing ngriku, manawi padasan wau sampun dipun iseni luber, temtu lajeng enggal wonten jawah. Kayawi saking punika toya saking padasan wau ugi sok dipun ombe tiyang, dipun alap berkahipun, samanten menika manawi anggening ngombe boten ngangge wadhabah damelan nagari Eropah, Hanging, ngangge ron pisang kemawon.

* * *

Nglajengaken cariyos malih. Nalika Sunan Kalijaga martuwi Sunan Bayat wau ugi lajeng priksa rupinipun Syeh Domba lan Kyai Kewel, nunten andangu dhateng Sunan Bayat: "Sakabatmu Toro iku apa pancen wedhus lan ula, apa manungsa?"

Sunan Bayat mangsuli: "Sajatosipun inggih manungsa."



PENERJEMAH DAN PENERBIT PUSTAKA SULTRA



BALAI PUSTAKA

Sakendeling wangsulan wau Syeh Domba Ian Kyai Kewel kados kinarsakaken Pangeran, sakala waluya jati, ical sipating menda Ian sawer wangslul arupi manungsa malih. Mila tiyang kalih wau saya mantep anggenipun sami ngawula dhatang Sunan Bayat, lestantun ngantos dumugi pejahiipun⁴).

* * *

Kacariyosaken malih saler-wetanipun redi Jabalkat wonten redi nama redi Malang. Punika langkung inggil tinimbang lan redi Jabalkat lan malih langkung wiyar, tumprap Para tiyang ingkang dhateng saking wetan badhe dhateng redi Jabalkat amakewedhi, mila saking kajengipun Sunan Bayat, puncaking redi Malang wau badhe dipun papral, papralanipun badhe kaedhakaken wonten ing perenging redi Jabalkat. Ingkang makaten wau ugi dipun leksanani, mila sarnenikanipun redi Malang punika langkung andhap tinimbang nalika jaman samanten.

Sunan Bayat anggenipun madeg wali wonten 25 taun. Dinten Jumuah Kliwon tanggal kaping 27 wulan Ruwah seda. Layon kasarekaken wonten ing puncaking redi ingkang kacariyosaken papralanipun redi Malang, dumunung wonten ing perenging redi Jabalkat.

Ing redi Malang wonten pasareyan sanes. Ingkang sumare wonten ing ngriku Pangeran Ragil, wayahipun Sunan Bayat.

Para sakabat tuwin muridipun Sunan Bayat ingkang pejah ngrumiyini wonten ingkang nama Japrusa, punika pejahiipun mrayangan. Saking boten betahipun ngraosaken pejah boten sampuma, bebasan satengah pejah satengah gesang, ngumbara dados lelembat, lajeng sowan Sunan Bayat, nyuwun dipun tulungi supados pejahiipun saged sampurna. Sunan Bayat mangsuli bilih anggenipun pejah mrayangan wau sampun

pinasthi jalaran saking karsanipun Ingkang Maha Kawasa. Nanging meksa badhe kepitolungan supados sampun ngantos sanget-sanget anggenipun ngraosaken sangsaranipun, inggih menika badhe kaudi ing sasageg-sagedipun, supados tiyang sanes ingkang babag kawruhipun kaliyan Japrusa lan malih waunipun sami sesrawungan kaliyan piyambakipun sageda nunggil kawmitenan pejah mrayangan dados kancampun Japrusa. Kelampahan Japrusa pikantuk kanca inggih menika Syeh Sabukjanur, Kyai Malanggati sarta Kyai Lan Nyai Gadhungmlathi. Sadaya wau sami kabageyan mbaureksa papan piyambak-piyambak inggih punika: Syeh Sabukjanur ambaureksa ing redi Jabalkat, Kyai Malanggati mbaureksa ing papan panggenaning kuburipun Japrusa ing redi Ngadan, sarta Kyai Lan Nyai Gadhungmlathi ing tuk Taman.

VII. ASAL-USULIPUN SUNAN TEMBAYAT

Samanten cariyos lelampahampun Sunan Bayat, wiwit da.dos bupati wonten ing Semarang ngantos dumuginipun wangsul dhateng jaman kalanggengan.

Asal-usul Ian lelampahan saderengipun madeg bupati dereng kacariyos.

Samunika badhe kacariyosaken. Nanging wontening gotek Ian serat-serat ingkang nyariosaken bab wau satunggal Ian satung-galipun boten cocog, beba-beda suraosipun. Kangge nyekapi dedongengan sadaya wau badhe kacariyosaken, nanging inggih namung badhe kapendhet saprelunipun kemawon. Pundi ingkang leres utawi pundi ingkang lepat, menika kasumanggakaken dhatengpara maos anggenipun manggalih.

Sawenehing gotek ing bab punika nyariyosaken makaten:

Sabedhahipun nagari Majapait jalaran tinempuh dening tiyang ingkang sami ngrasuk agamé Islam, sang Prabu Brawijaya ingkang wekasan, jengkar sesidheman, namung kadherekaken abdi kekalih ingkang awasta Sabdapalon Ian Pak Melik alias Nayagenggong. Tindakipun mangidul. Sareng dumugi ing dhusun Savver sang nata kapethuk kaliyan Sunan Kalijaga. Sunan Kalijaga miterang -punapa ingkang dados kresanipuri sang nata dene ka, raya-raya tindak tebih-tebih. Wangsulanipun sang nata badhe makahyangan nunggil kaliyan pare leluhuripun, kempal kaliyan Ratu Kidul ingkang kale samanten jejuruk Dewi Wilutama. Ing ngriku tilas nata Ian Sunan Kalijaga lajeng semi sarasehan, ngrembag bab warni-warni ingkang gaib-gaib. Pungkasaning sarasehan, boten wonten ingkang kawon

Ian boten wonten ingkang menang. Wasana Sabdapalon Ian Nayagenggong lajeng sami nyelani rembag, mratelakekaken bilih rembag-rembag wau sami dene leresipun, nanging sarehning Sunan Kalijaga menika sampun nglenggahi jaman enggal, anggenipun mastani bab ingkang dados rembag boten sami kaliyan sang tilas nata, nanging sajatosipun pikajenganipun semi kemawon. Wusana sang tilas nata lajeng ngawon, sumarah badhe miturut punapa ingkang dados kajengipun Sunan Kalijaga. Sunan Kalijaga mrayogekake.n supados sang tilas nata madeg bupati wonten ing Semarang sarta santun asma jejuluk Kyai Ageng Pandhanarang. Sabdapalon nyuwun priksa punapa ingkang dados kresanipun Sunan Kalijaga mrayogekaken makaten wau. Wosing pitakenipun nyuwun priksa kadospundi badhe kadadosaning lelampahanipun sang tiles nata, ing tembe saged madeg nata malih punapa boten. Wangsulanipun Sunan Kalijaga namung badhe ngangkah supados sang tilas nata ing tembe sagede dados wali panutup, anggentosi Syeh Siti Jenar.

Sang tilas nata nglajengaken lampah miturut pamrayoginipun Sunan Kalijaga. Kelampahan dumugi ing Semarang, madeg dados bupati asma Kyai Ageng Pandhanarang.

* * *

Dados miturut gotek wau, Kyai Ageng Pandhanarang menika inggih tilas nata ing Majapait, Prabu Brawijaya ingkang wekasan.

VIII. ASAL-USULIPUN SUNAN TEMBAYAT MITURUT SERAT KANDHA

Nanging manawi miturut Serat Kandha (handschrift Jawi Bataviaasch Genootschap nomor 7) ingkang madeg dados bupati wonten ing Semarang sarta kasebut nama Ki Pandhanarang menika Raden Made andhan, putra Raden Sabrangwetan, wayah nata ing Bintara.

Ing Serat Kandha wau kacariyosaken makaten: Raden Made Pandhan tampil dhawuh saking Sunan Bonang mbukak siti ing Tirangampersarta angeslamaken para ajar ing sakiwatengenipun tanah ngriku ingkang taksih sami mbangkang dereng purun ngrasuk agami enggal. Raden Made Pandhan nyagahi. Sareng sampun manggen ing pulo Tirang kasuwuripun nama Ki Pandhanarang sarta dipun dhatengi tiyang ingkang sami badhe maguru, saya dangu saya kathah.

Kacariyos wonten ajar nama Citragati, dedunung ing Sejanila. Menika gadhah rencang estri, taksih prawan tur sae rupinipun. Ajar Citragati kasengsem melik dhateng rencangipun wau. Nanging rencangipun boten purun nanggapi, malah lajeng kesah badhe nedha tulung dhateng ajar sanes. Saben dumugi ing panggenanipun ajar, lelampahanipun dipun cariyosaken, makaten ugi panedhanipun pitulungan supados dipun ayomi. Nanging ajar ingkang dipun tedhani tulung wau sami ajrih dhateng Ajar Citragati, awit Ajar Citragati wau kaanggep dados tetungguling para ajar. Mila wangulanipun boten saged suka pangayoman.

Dangu-dangu lampahipun rencang wau dumugi ing panggenanipun Ajar Pragota. (Prawan wau anggenipun mubeng-mubeng pados pangayoman kaliyan mbekta lumpang, prelunipun mbekta lumpang wau badhe kacariyosaken ing ngandhap).

Lajeng ngandharaken preluning lampahipun kados ingkang sampun-sampun. Ajar Pragota mangsuli: "Aja dadi atimu, prakara iku aku ora bisa aweh pitulungan, jalaran aku ora kecenggah. Coba ing Tirangamper wetan kene ana guru agama anyar, kasebut aran Ki Pandhanarang. Wonge isih nom, bagus rupane tur isih darahing ratu. Iku saka pangiraku mesti gelem ngayomi marang kowe. Mula becike kowe goleka pangungsen marang Tirangamper bae. Mung bae kowe iya kudu mlebu agama anyar.

Pun kenya ngestokaken pamrayoginipun Ajar Fiagota wau, lajeng nglajengaken lampahipun mangetan, badhe nedha pangayoman dhateng Ki Pandhanarang. Lumpang, dipun bekta. Lumpang wau. Lumpang sela. Dene anggenipun dipun bekta, kangge pratandha. Samangsa piyambakipun sampun boten kuwawi ngangkat, menika dados pratandha yen para ajar ing pareden sakiwatengenipun ngriku badhe ngrasuk agami Islam sadaya.

Sareng lampahipun kenya wau dumugi Tirangamper, lumpangipun kraos awrat, kaongkek-ongkek boten kangkat. Pun kenya ngretos, manawi guru agami ingkang manggen ing Tirangamper ngriku lan misuwur nama Ki Pandhanarang menika ageng panguwaosipun, mila estu badhe dipun tedhani pangayoman.

Kala samanten Ki Pandhanarang saweg lenggah kinepang dening para muridipun. Sareng sumerep wonten tiyang estri taksih nem dhateng, lajeng dipun takeni kanthi ngatingalaken ulat sumeh, punapa ingkang dados prelunipun. Ingkang dipun takeni mangsuli: "Sowan kula mriki punika manawi kapareng badhe nyuwun sih pitulungan panjenengan." Terus lajeng nyariyosaken lelampahanipun.

Ki Pandhanarang mangsuli: "Iya ta, yen kowe temen-temen arep njaluk pangayoman marang aku, iya takayomi. Mung bae aku duwe panjaluk marang kowe. Kowe ngrasuka agamaku, ya

iku agama Islam. Gelem apa ora kowe nglakoni?"

Prawan rehning sampun dipun sukanisasmita dening lumpang, mangsuli: "Kula ndherek."

Ki Pandhanarang bingah manahipun. Prawan tumunten dipun wucal maossahadat ngantos apil. Sareng sampan apil dipun prentahi makaten: "Saiki kowe arep dakpasrahi pagaweyan, dakkongkon ngeslamake para ajar. Bisane klakon, kowe kudu ngubengi Jurangsuru lan Lebuapi. Dene lakumu murih prayogane turuta pagunungan iki metu brang kulon, aja nganti aria sing kliwatan. Tekenku iki gawanen, nggonen liwat segara. Mudhuna saka kene bae."

Ingkang tampi prentah nyagahi. Wangsulanipun, sanajan toh nyawa inggih badhe dipun iampahi. Sasampunipun pamitan, nyandhak teken lajeng mangkat nyabrang saganten. Sanajan medal saganten lampahipun inggih sakeca. Awit panggenan ingkang kadhwahan taken, sadaya keinawon lajeng dados cethek sami sanalika. Lampahipun sakawit mahgaler, lajeng mangilen kaliyan gumun, jalaran sumerep yen panggenan ingkang dipun langkungi sami asat. Jalaran caking menika manahipun saya tatag, lan mantep anggenipun badhe angleksanani pakenip.un Ki Pandhanarang. Sareng lampahipun nglangkungi Derana lajeng dipun tut wingking dening ajar ingkang dedunung ing ngriku inggih punika. Ajar Citrakokoh. Punika sumerep kaelokan bab malihipun saganten dados siti dharatan sanget gumun, wusana lajeng kepengin sumerep sinten gurunipun tiyang estri neneman wau.

Salajengipun lampahing kengkenanipun Ki Pandhanarang nglangkungi Jurangsuru, Lebuapi, Wotgalih, Guwasaleh, Brintik, Pragota, Tinjomaya lan Gajahmungkur, ngantos dumugi tapel-watesipun Sejanila. Sadaya ajar ingkang sami dedunung ing panggenan-panggenan wau sareng sami nyumerepi wontening kaelokan kasebut nginggil, inggih lajeng tut wingking lampahipun

kengkenan, prelu badhe pinanggih kaliyan Ki Pandhanarang. Sareng tiyang-tiyang wau dumugi ing Sejamila, Ajar Citragati cingak. Lajeng pitaken menapa prelunipun sami gumrudug mlampah sesarengan. Ajar Citragati nunten dipun cariyosi wontening kaelokan, lan dipun sanjangi punapa ingkang dados pika-jenganipun ajar-ajar wau. Wusana ugi ketarik manahipun kapengin badhe mangghi Ki Pandhanarang, malah sanjang badhe nyobi kalangkunganipun Ki Paridhanarang, manawi kawon, Ajar Citragati badhe nungkul ngrasuk agami Islam.

Dangu-dangu para ajar inggih lajeng dumugi ing pagan padununganipun Ki Pandhanarang ing Tirangamper. Sadhatengipun ing ngriku katampi kaliyan sae dening Ki Pandhanarang. Ing ngriku para ajar lajeng sami pratela yen badhe ngrasuk agami Islam. Namung Ajar Citragati ingkang taksih dereng purun, dereng pitados dhateng kalangkunganipun Ki Pandhanarang. Mila lajeng nantang dhateng Ki Pandhanarang, dipun jak ngaben kasagedan. Ki Pandhanarang purun. Ajar Citragati nunten nyandak kudhinipun kaliyan wicanten: "Iki lo kudhi, dakuncalake mendhuwur, tututana. Yen bisa nututi aku gelem nungkul."

Ki Pandhanarang mangsuli: "Yen Allah pancen ngarsakake, mesti Bakal kecekel kudhimu. Coba uncalna!"

Kudhi kauncalaken manginggil dening Ajar Citragati, anggeblas kados peksi. Ki Pandhanarang nunten nyandak aritipun, inggih kauncalaken manginggil. Lampahing arit nututi kudhi lajeng campuh peperangan wonten ing awang-awang, darel cingak saha geteripun para ajar tuwin para murid ingkang sami ningali. Dangu-dangu kudhi tugel dados kalih, dhawah mangandhap sareng kaliyan arit, nanging aritipun taksih wetah. Ingkang sami ningali sadaya sami surak.

Ajar Citragati meksa dereng purun nungkul, santun nyandhak kendhi kaliyan wicanten, tembungipun: "Coba sapisan maneh, timbangana kapinteranku iki."

Sasampunipun wicanten makaten, kendhi kaucalaken mangginggil. Kendhi mumbul ing awang-awang lajeng mubeng ngleter, isinipun boten kecer sakedhik-sakedhika.

Ki Pandhanarang enggal nyandhak tekenipun, kasawataken dhateng kendhi, kendhi kenging, ajur dhawah mangandhap, namung toyaniipun taksih wetah awangun kendhi.

Para ajar lan murid sami surak malih. Ajar Citragati rumaos kawon anggenipun ngaben kasagedan, lajeng tumut nungkul, nunten dipun sahadataken sesarengan kaliyan ajar sanesipun.

Bihar wonten lelampahan makaten wau Ki Pandhanarang lajeng yasa pondhok wonten ing gisik ingkang waunipun awujud saganten nanging lajeng malih dados dharatan jalaran kadhawahan teken kados ingkang kacariyosaken ing nginggil. Anggenipun manggen wonten ing ngriku sesarengan kaliyan santri kathah, sami seneng gesangipun, jalaran ing gisik ngriku kathah ulamipun. Dene tiyang estri ingkang dados kengkenanipun Ki Pandhanarang ngantas dados jalannipun pars ajar sami nungkul ngrasuk agami enggal wau, lestantun manggen wonten ing Tirang, namung saben dinten ngintun tetedhan dhateng pondhokipun Ki Pandhanarang.

Salajengipun tiyang, ingkang sami manggen ing sakiwatenegenipun pondhokanipun Ki Pandhanarang saya dangu saya kathah. Saben taun gisik wau mindhak wiyar jalaran kawewahan waled ingkang kasemp yok utawi kabekta Bening toga dhawah kantun ing gisik ngriku. Mindhakipun wiyar mangilen. njembaraken pasiten tumrap ingkang sami badhe dedunung ing ngriku. Saking pareden ugi kathah tiyang-tiyang ingkang sami pados papan padunungan ing ngriku, sarta salajengipun ugi sami ngibadah ngrasuk agami Islam.

IX. KYAI AGENG PANDHANARANG KAPUNDHUT MANTU BATHARA KATONG NGANTOS PEPUTRA

Gentos kacariyos, ingkang madeg adipati ing Panaraga, punika putra nata ing Majapait Prabu Brawijaya ingkang wekasan, ajejuluk Bathara Katong. Punika dereng kresa ngrasuk agami Islam. Rumiyin nalika kaatag dhateng ingkang raka sang Panembahan ing Demak, sagahipun samangsa ingkang rama Prabu Brawijaya sampun seda. Wusana ingkang rama sampun surud, sang adipati lajeng sumingkir, tindak mratapa ing pareden Pencor.

Sang Panembahan ing Demak mireng bab wau, sanget dukanipun, lajeng mborongaken dhateng Ratu Wadat (Sunan Bonang). Sunan Bonang lajeng utusan bangsa luhur darah Arab, nama Syeh Walilanang, kadhwuhan madosi lan ngeslamaken Bathara Katong. Utusan ugi enggal-enggal mangkat.

Kacariyos Kyai Katong menika peputra kalih, putri sadaya. Pembajengipun sampun ngancik diwasa, ingkang waruju kirang langkung taksih umur sadasa taun. Sadangunipun wonten ing pareden wau Kyai Katong sanget anggenipun manggalih dhateng ingkang putra kekalih, kuwatos manawi boten saged madosaken jodho ingkang satimbang. Wusana lajeng tuwuh pangandikanipun makaten: "Mati ya mati, nanging nek anakku wis padha mental, oleh papan sing kepenak. Sanajan kepeksa ngrasuk agama anyar, iya daklakoni, janji anakku karo Pisan padha oleh papan sing becik. Ing endi prayogane anggonku arep salin agama."

Nalika menika Kyai Katong lajeng priksa cahya mancorong wonten ler kilen. Pangandikanipun: "Sing mancorong kae apa.

Mbokmanawa iku pituduh sing wigati. Yen mengkono becik dakparanane!"

Kyai Katong lajeng mangkat ngaler-ngilen. Putra kekalih kabekta.

Boten antawis dangu Syeh Walilanang dumugi ing pareden Pencor. Nanging Kyai Katong sampun boten wonten. Syeh Walilanang lajeng tindak ngaler-ngilen, nututi Kyai Katong.

Tindakipun Kyai Katong dumugi ing Jurangsuru. Ing ngriku kendel sawatawis, pinanggih tilas ajar nama Nayagati ingkang sampun ngrasuk agami Islam, sarta dados sakabatipun Ki Pandhanarang. Sasampunipun tepang-tepangan, Kyai Katong lajeng nyariyosaken yen anggenipun tindak saking pareden Pencor punika badhe murugi cahya ingkang katingal mancorong saking katebihan, wusana wonten ing patrukan ingkang dumunung wonten ing pinggir saganten cahya wau ital. Nayagati kadangku punapa sumerep dateng ingkang dedunung wonten ing patrukan wau. Wangsulanipun: "Inggih sumerep, menika Ki Pandhanarang, guru kula, taksih timur tur kathah kasagedanipun. Rumiyan asalipun saking Demak, wayah sang Panembahan. Wontenipun ing ngriku kautus Sunan Bonang, kadhawuhan ngislamaken Para ajar."

Dipun aturi makaten wau Kyai Katong lajeng mundhut kadherakaken dhateng pondhokipun Ki Pandhanarang, lajeng ngan-dikakaken asal, asma tuwin wigatosing tindakipun. Kajawi menika ugi mratelaken yen karsa dipun islamaken, sok ugi ingkang nges-lamaken Banes Syeh Walilanang.

Ki Pandhanarang mituruti sapanedhanipun Kyai Katong. Sanalika ngriku Kyai Katong lajeng kaaturan ngapilaken sahadat. Kelampahan sampun ngrasuk agami Islam. Putranipun ingkang pambajeng kaparingaken dados tetimbangipun Ki Pandhanarang.



PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA



BALAI PUSTAKA

Boten antawis dangu Syeh Walilanang dhateng ing pondhokipun Ki Pandhanarang, tinampi kaliyan sae. Syeh Walilanang ngandharaken anggenipun dados utusan, lajeng dipun cariyosi manawi Kyai Katong sampaun dipun islamaken dhateng Ki Pandhanarang piyambak, Syeh Walilanang lega manahipun, tangan kalih kaecungaken manginggil kaliyan tumenga ngucap sukur dhateng Pangeran sarta nyuwunaken widadanipun Kyai Katong.

Wonten ing pondhokipun Ki Pandhanarang Syeh Walilanang sinubya-subya, sarta lajeng dipun jak rembagan. Wosing rembag Syeh Walilanang dipun tedha damelipun kapurih ngrencangi ngeslamaken tetiyang ing laladan ngriku. Ing gisik sawetaning patrukanipun Ki Pandhanarang pasitenipun sae, Syeh Walilanang kapurih ngenggeni.

Syeh Walilanang boten suwala. Sarehning papan padunung-anipun Ki Pandhanarang kala samanten dereng dipun sukani nama, Syeh Walilanang mrayogekaken supados kanamakaken Semarang, kapethek ing tembe panggenan wau badhe dados ageng, dipun ubengi pager banon sarta kathah tiyangipun.

Syeh Walilanang wiwit tetrica. Ing ngriku lajeng yasa siisukan, lencong anjog saganten, kange margi toya ingkang nginggahaken endhut murih inggilipun pasiten wau. Papan padunganipun Syeh Walilanang wau kanamakaken Kaligawe. Lami-lami ugi kathah tiyang ingkang sami tumut dedunung ing ngriku.

Nuju satunggiling dinten Ki Pandhanarang lan Kyai Katong sami rembagan. Kyai Katong dipun aturi supados tindak mangilen, madosi panggenan ingkang wonten witipun wungu dhoyong manglung ing pinggir lepen. Panggenan wau kaaturan mbukak, awit ing tembe sanajan alit badhe dados kitha.

Kyai Katong ngestokaken, lajeng bidhal mangilen, putra ingkang waruju kadhwahan ndherek. Tindakipun saestu mrangguli wit wungu ingkang manglung ing lepen; Lajeng yasa pondhog nglempakaken tiyang ingkang purun. Danguning-dangu panggenan wau kathah tiyangipun, lajeng misuwur nama Kaliwungu. Ingkang sami dhateng manggen ing ngriku, sami maguru dhateng Kyai Katong.

Kacariyos wonten tiyang saking Bagelen nama Prawita, dhateng tumut tetroka ing Kaliwungu lan maguru dhateng Kyai Katong, Prawita wau mantep lan taberi sanget anggenipun nggegulang ngelmi, sanget ndadosaken karenanipun Kyai Katong, ngantos lajeng kaangkat &dos guru lan kapundhut mantu. Inggih mantunipun Kyai Katong wau ingkang nurunaken para tuwan tanah ing Kaliwungu.

Kacariyos ing Demak sang Panembahan seleh kaleng-gahanipun, ginentosan dening putra. Saking kaparengipun sang Panembahan enggal, ingkang putra Ki Pandhanarang kaparingan sesebutan Pangeran, dene ingkang paman Kyai Katong kawenangaken ngagem sesebutan Sunan Katong. Ingkang makaten wau mawi sineksenan dening para agung tuwin para pangageng.

Pangeran Pandhanarang lestantun dedalem wonten ing Semarang. Putranipun sakawan, kakung kalih putri kalih, kaparingan nama Raden Kaji, Raden Ketip, Bokmas Katijah lan Bokmas Aminah. Sareng sampaun sami diwasa putra sakawan wau inggih lajeng sami krama sadaya. Raden Kaji pikantuk putranipun Pangeran Panggung lan Raden Ketip pikantuk anakipun. Syeh Walilanang. Syeh Walilanang kale samanten sampaun santun nama Maulana Alus Islam lan madegdadosimam ing Semarang. Anakipun tiga, jaler kalih, estri satunggal. Punika

sadaya kapundhut mantu dhateng Pangeran Pandhanarang.

Boten watawis dangu Sunan Bonang ing Tuban seda. Pangeran Pandhanarang ugi tindak nglayat. Sakonduripun saking nglayat, lajeng gerah. ngantos seda.

Raden Kaji lan Raden Ketip samisowan dateng Demak prelu ngaturi priksa sedanipun ingkang rama. Saking kaparengipun sang Panembahan, Raden Kaji kadhwuhan nggentosi ingkang rama ngagem sesebutan Dipati Mangkubumi. Dene Raden Ketip kawisudha dados patih mbiyantu ingkang rake. Jumenengandipati wau sinengkalan: muktiningrat catur bumi (taun 1418).

Bibar sowan sang Panembahan wau sang dipati tuwin patih sami nglajengake lampah, gentos sowan gurunipun inggih menika Sunan Kalijaga ing Adilangu. Sunan Kalijaga dipun aturi priksa wontening lelampahan sanget jumurung, ngucap suka sukur dhateng Pangeran. Dipati Mangkubumi kaparingan pangestu sarta dipun weling supados lestantun anggenipun ngidhep dhateng Pangeran lan adil anggenipun nindakaken papreritahan. Patih Raden Ketip ugi kaparingan pitedah warni-warni sarta kadhwuhan mituhu lan mantep anggenipun ngrencangi ingkang rake.

Bibar kaparingan pangestu lan dipun pangandikani warni-warni wau, Dipati Mangkubumi kondur dhateng Semarang, wiwit nindakaken padamelanipun suwargi ingkang rama.

X. ADIPATI MANGKUBUMI ING SEMARANG TILAR KAMUKTEN, NGANTOS JUMENENG WALI, SUNAN TEMBAYAT

Sareng sampun sawatawis dangu anggenipun ngasta paprentahan, Dipati Mangkubumi utusan abdi ingkang pinjatados dhateng Adilangu prelu nyaosaken pisungsung dhateng Sunan Kalijaga awujud agem-ageman tuwin arta. Dhatenging utusan, Sunan Kalijaga pinanggih saweg macul wonten ing pakawisan. Utusan matur saprelunipun. Sunan Kalijaga ngandika makaten: "Matura kayo bendaramu yen wis daktampa, banget panarimaku. Aku genti aweh pisungsung, iki caosna marang bendaramu."

Anggenipun ngandika makaten wau kaliyan namakaken paculipun mbrengkal siti kaparingaken dhateng utusan. Utusan inggih sanget gumunipun, dene dipun caosi pisungsung ingkang ageng pangaosipun teka namung gentos maringi siti saprongkol. Ewadene inggih matur sandika, nyuwun pamit lajeng wangslul, kaliyan ambekta prongkolan siti paringipun Sunan Kalijaga. Sadumuginipun ing Semarang sang adipati boten wonten ing dalem saweg sowan dhateng Demak. Utusan nusul dhateng Demak. Dumugi ingk Demak, lajeng ngaturaken lelampahanipun sarta nyaosaken buntelan mawi kapratelaka,ken isinipun. Sang adipati gumun, nanging sareng buntelan kabikak, priksa prongkolan siti sampun. malih dados jene, sanget amlenggong. Dipun galih-galih, rumaos yen dipun semoni Sunan Kalijaga anggenipun taksih nengenaken dhateng kadonyan. Sakala ngriku tuwuh kekenthalaning panggalih badhe mratobat sarta badhe nenepi ngudi sampurnanining kasidan. Lajeng sereh kalenggahanipun, ingkang rayi Raden Ketip kadhwuhan anggentosi dados adipati ngerehaken

laladan Semarang⁵). Bibar pasrah-pasrahan, lajeng sowan dhateng sang Panembahan ing Demak prelu nyuwun palilah. anggenipui badhe ngleksanani karsanipun. Sang Panembahan njurungi lan maringi idi pangestu. Samun-duripun saking ngarsanipun sang Panembahan, Adipadi Mangkubumi gumantos sowan Sunan Kalijaga, ugi prelu nyuwun idi pangestu. Sunan Kalijaga mrayogekaken, kanthi ngucap suka sukur derie sang adipati sampun enget, badhe ngudi dhateng kautamen tuwin kasampurnan. Mila Sunan Kalijaga inggih lajeng maringi idi pangestu. Adipati Mangkubumi lajeng bidhal meng-keraken kamukten, tindak mangidul, kadherekaken garwa kekalih. Salajengipun sang adipati wau rawuh ing dhusun. Tembayat. Wonten ing ngriku dangu-dangu pikantuk pangaksamaning Pangeran, ngantos saged madeg dados wali. Turunipun sami nglajengaken dedunung ing Tembayat, lestantun ngantos dumugi sapriki.

* * *

Rados manawi miturut suraosing Serat Kandha, ingkang madeg dados bupati wonten Semarang ngagem sesebutan Pangeran Pandhanarang punika Raden Made Pandhan putra Sabrang Wetan, wayah sang Panembahan ing Demak. Rene ingkang madeg dados wali ing Tembayat punika sanes Pangeran Pandhanarang wau, nanging ingkang putra, Adipati Mangkubumi.

Kajawi ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, wonten malih serat ingkang nyebutaken asal-usulipun Sunan Bayat, inggih menika Serat Sajarah Dalem, damelanipun Ki Padmasusastra. Ing ngriku kapratelakaken bilih putranipun nata Majapait ingkarig wekasan, Prabu Brawijaya V, punika sadaya wonten satus langkung satunggal. Putra samanten

kathahipun wau wonten gangsal ingkang asmanipun prelu kasebutaken ing ngriki, jalaran wonten gegayutanipun kaliyan ingkang kacariyosaken ing nginggil, inggih menika:

1. Putra nomer 94, asma Raden Jaka Supana, alias Raden Tembayat;
2. Putra nomer 97, asma Raden Jaka Bodho, ingkang sabedhahipun; Kraton Majapait dados sakabatipun Sunan Bayat, kadhwuhan dedunung ing Majasta lajeng katelah asma Kyai Ageng Majasta (kacocogna kaliyan ingkang kacariyosaken ing nginggil);
3. Putra nomer 98 asma Raden Jaka Pandhak, menika ugi dados sakabatipun Sunan Bayat, kaparingan asma Syeh Kaliatu;
4. Putra nomer 99, asma Raden Jaka Wajak alias Baden Jaka Wujil, ugi dados sakabatipun Sunan Bayat, kaparingan nama Syeh Sabukjanur (kacocogna kaliyan ingkang kacariyosaken ing nginggil);
5. Putra nomer 100, asma Raden Jaka Bluwo, ugi dados saka batipun Sunan Bayat, kaparingan asma Syeh Sekardalima.

Manawi miturut suraosing Serat Sejarah Dalem wau mesthinipun ingkang dados wali ing Tembayat menika inggih putra nata Majapait ingkang wekasan ingkang kasebut asma Baden Jaka Supana alias Raden Tembayat.

* * *

Kleinpaking pratelan ingkang nyariyosaken asal-usulipun Kyai Pandhanarang inggih Sunan Bayat, punika wonten warni tiga:

1. nyariyosaken bilih Kyai Pandhanarang punika Prabu Brawijaya ingkang wekasan;
2. ngandharaken yen ingkang madeg dados bupati ing Semarang asma Pangeran Pandhanarang punika Raden

Made Pandhan, putra Raden Sabrang Wetan, wayah sang Panembahan ing Demak sarta ingkang dados wali ing Tembayat punika putra Raden Made Pandhan ingkang asma Raden Kaji, ingkang ugi dados liupati; asma Adipati Mangkubumi;

3. mratelakaken yen putra nata Majapait ingkang wekasan, Prabu Brawijaya V, punika wonten ingkang asma Raden Jaka Supana alias Radon Tembayat.

Menika pundi ingkang leres, kasumanggakaken dhateng para moos anggenipun mastani.

* * *

Minangka pungkasaning cariyos ing ngriki badhe nyebutaken asma utawi sesebutanipun para putra wayahipun Sunan Bayat, run-tumurun dinten samangke, mirid saking cathetan ingkang kacariyosaken taksih kasimpen dumugi sapriki. Miturut cathetan wau:

1. Sunan Tembayat peputra Panembahan Jiwa (inggih menika ingkang kacariyosaken ing nginggil kabekta Nyai Ageng Kaliwungu ndherek Kyai Ageng Pandhanarang saking Semarang dhateng Tembayat);
2. Panembahan Jiwa peputra Panembahan Menangkabul;
3. Panembahan Menangkabul peputra Panembahan Masjidwetan I;
4. Panembahan Masjidwetan I peputra Panembahan Masjidwetan II;
5. Panembahan Masjidwetan II peputra Pangeran Sumendhi Anggakusuma lang Pangeran Sumendhi Sidik;
6. Pangeran Sumendhi Sidik peputra Pangeran Tabiyani;
7. Pangeran Tabiyani peputra Pangeran Ngabdani ingkang kapundhut mantu suwargi Sampeyan dalem Ingkang

- Sinuhun Kangjeng Sultan ing Ngayogyakarta ingkang kaping kalih;
8. Pangeran Ngabdani peputra Raden Ayu Tandhanegara;
 9. Raden Ayu Tandhanegara peputra Raden Mas Masjidwetan III;
 10. Raden Mas Masjidwetan III peputra Raden Mas Masjidwetan IV;
 11. Raden Mas Masjidwetan IV, peputra tiga, kakung kalih, putri satunggal (menika mbokmanawi taksih sami sugeng dumugi dinten semangke).

CATHETAN

1. Gotek sanesipun nyariosaken tiyang ingkang sami ambegal nyai ageng wau tiyang tiga. Sambatipun nyai ageng dhateng ingkang jaler makaten: "Kebangeten, Kyai, ana Wong salah teka tega," Hanging mungel: "Nedha tulung Kyai", wonten tiyang salah tiga."
2. Kapratelakaken Jabalkat menika redi waduhan ingkang ngubengi lan ngayomi dhusun Tembayat.
3. Kacariyosaken: Kyai Gagakdhoka lan Kyai Dakawana menika rumiyinipun abdinipun Prabu Brawijaya ing Majapait ingkang kasebut nama Sabdapalon lan Pak Melik utawi Nayagenggong.
4. Kacariyosaken sareng filar donya Syeh Domba kakubur wonten ing redi Cakaran, dent Kyai Kewel wonten ing dhusun Jimbung.
5. Madegipun Raden Ketip sinengkalan: rasa guna rasaning rat (taun 1636).



Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No.8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website: <http://www.balaipustaka.co.id>